gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 19 (6848) * 18 МАЙ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 2 ЗУЛ-ХIИДЖА 1447 с. *

# Халатбахъараб къобухIи бахчизе кIола







**2004 соналъ, районалъул телевидение хIалтIизе биччаралдаса, щибаб соналъ бегIерго борхизабулеб батана дида гьекъолеб лъеца росаби хьезариялъул суал. ГIадамазул лъугIел гьечIел гIарзалги, гьел тIуразаризе районалъул гьечIел ресалги, гьеб киналъего ахир букIинадаян кколеб букIана.**
**Лъел къобухIиялда хурхарал суалал нахъелъун киданиги рукIинчIо. Районалъул ва росдал нухмалъулез ралагьулел рукIана гьеб тIубазе ресал.**

Жакъа къоялде, лъеца хьезариялъул мурадалда районалда гIумруялде бахъинабулеб бугеб проекталда рекъон, унел ругел хIалтIаби рихьидал ва хIалтIи гьабизе тIаде босарал подрядниял гIуцIиязул нухмалъулез бицунелъул хIисаб гьабидал, хIалтIи гьаб нухалда рагIалде бахъиналда ракI базабулеб буго. Хъвартихьуниб – Курми – Хьаргаби – КIикIуниб водопровод лъеялъе гIумруялде бахъинабулеб бугеб проект районалъул бетIер М.ТIагьировасул халкквеялда гъоркь буго. КIвар бугеб проекталда хурхун, гьоркьоса къотIичIого гара-чIвариял гьарула совещаниязда ва жакъа къоялде жигараб хIалтIи унеб буго участоказда.

ХIалтIаби гьаризе тIаде босун буго ООО «Спецремонтстрой» гIуцIиялъ. Водопровод бачунеб участокалъул начальник ГI. Къурбановасул баяназда рекъон, хIалтIизе чIезарун руго киналниги шартIал, документал рагIалде щун къачIан руго, хIалтIабазул схема ва график тасдикъ гьабун буго.

Проект рагIалде бахъинабизе харжал риччан руго. Гьаб заманалда цебе чIараб масъала бугилан абулеб буго гьес, качественияб хIалтIи бакIазда тIобитIи. ХIалтIи тIаде босаразул бицани, ГIалавудин вуго 50 сонил хIалтIул хIалбихьи бугев чи. Гьесул нухмалъиялда гъоркь гьабулеб хIалтIи махщалилаб букIиналда щаклъи гьечIо. ХIалтIулел руго 12 ед. техникаялъул ва 22 хIалтIухъан. Трубаби лъезе бухъизе захIматаб участок кканиги, бокьараб къури борлъулеб, хIатта гIоралда гъоркьан 6 метраялъ гъваридго рогIел бухъизе кIолеб хасаб техника буго гьелъиеги организациялъул. ХIалтIулеб буго 4 бригада: регъулдулел, ракь бухъулел ва тIаде ракь хъвалел хIалтIухъабазул. НухтIасан унел машинабазе квал – квал кколареб хIалалъ халат бахъине течIого хадуб гъун гьабулеб буго хIалтIи.

Водопровод лъолеб участокалъул начальник ГIалавудин Къурбановас бицана жакъа къоялде гьабун лъугIараб хIалтIул. Гьедин, Хъартадерил кьодаса Хьаргаби росулъе щвезегIан 280 диаметралъул трубаби рачун руго 3,5 км манзилалда. Жеги 1,5 км манзилалда рачана ункъ - ункъ цадахъ рацIарал трубаби. Насос лъураб бакIалдаса Хъвартихьуни росулъе щвезегIан 800 м бухъун жанир трубаби лъуна. ХIалтIаби чIезе течIого унел руго кIиабилеб резервуаралде щвезегIанги.

КIикIуниб росулъ лъун буго 2 линия: 2 км ва 1,5 км манзилалда. КватIичIого гьенибе техника рехизе буго ва хIалтIаби гьаризе байбихьизе руго. Гьенир хIалтIабазде байбихьичIолъиялъеги квач ва цIадал ралел рукIиналъул гIилла букIана.

Трубабаздасан резервуаралде щвезегIан лъим кьабизе буго насосалъ. Гьенисан рокъо – рокъобе чвахизе буго. Резервазул абуни, гьабсагIат унеб буго заказчиказулгун дандеккезариял. Цинги, цин цадахъ байбихьизе руго хIалтIаби ункъабго росулъ. Хасал гьелъие бригадаби рукIине руго.

РакIалде ккола 2027 соналде резервуаразда лъим букIинин. ГIалавудиница абуна, жидер офис Курмиб «Причал» кафеялда аскIоб бугилан. Щиб суал кканиги, аскIор рачIине бегьулин, кинабго мухIкан гьабун бицине ва тIубазабизе. ХIалтIи гьабулаго, хIисабалде росула жамагIаталъул мурадалги.

Проект гьаб соналъул ахиралде рагIалде бахъинабизе хIисабалда буго. Гьелдалъун бажарулаан ункъго росдал халатбахъараб лъел къобухIи бахчизе.

Гьанже гIадамазул бачIунеб буго цойги суал: "Щай жамагIаталъухъа гIарацги бакIарун Хьаргабире цойги лъел трубаби лъолел ругел?" - ян.

Гьаб соналъул май моцIалъ къватIибе биччараб №17 «Церехун» газеталда, «Росуцояз къимат кьела» абураб макъалаялда, росдал бетIер Б. Идрисовас гьелъиеги баянал кьолел руго.

Гьениб гьес бицунеб буго Курмисан бачунеб лъел мухъалда рогIрал цIакъ заман барал, ремонт гьабун бажаруларолъиялде ккарал ратанилан. Исана ккараб хIукму букIана трубаби пластиковиязде хисун лъезе. Ункъго росулъе лъим бачунаго мухъ лъолеб бугеб мехалда цадахъ ракьулъе ккезарулел руго гьел. БичIчIизабизе ккараб буго, гьел трубабаздасан лъим жибго чвахулеб къагIидаялъ гьабулеб букIин. Проекталда рекъон лъолел трубабаздасан, абуни, лъим насосалъ кьабизе буго резервуаралде.

ТIоцебе хIисабалда букIана, гьел трубаби ракьда тIасан рачине, росдал администрациялъул къуват гIоларолъиялда бан.

Проекталда рекъон трубаби лъезе рукIарал бакIалда гьел цадахъго ракьулъе ккезаризе инициатива кьуна Хьаргаби росдал дибир ГI. ГIумархIажиевас. Гьесго жигар бахъана жамагIаталъухъа гIарац бакIаризеги. Проект, абизе бегьула, халкъияблъун лъугьанилан. РакI бугелщиназ гьенибе бутIа лъуна гIарцудалъун ва кверзул махщалидалъун. Росдал дибир ГIумархIажияс киназего гьезие баркала загьир гьубулеб буго.

АбичIого гIоларо, киналниги трубаби цоцалъ регъезе, гьел ракьулъе ккезаризе жиндирго рахъалдасан харж гьабулеб буго районалъул бетIерасул заместитель АсхIабгIали Маликовас. Гьелде тIадеги, росдае хIалтIи гьабизе техника къваригIани, жиндирго бухьенал хIалтIизарун гьебги тIалаб гьабизе ният буго АсхIабгIалил. ГIемераб хIалтIул бутIа тIаде босана Идрис ГIазизовас ва ХIажи Каймаразовас. Аллагьасул рахъалдасан кири кIудияб хъваги гьезиеги ва цIар –цIар ккун рехсечIониги дагьабниги квербакъи гьабунщиназеги.

**Х.ШАМСУДИНОВА.**

# Россиялъул бахIарчи М. Исбакиев ракIалде щвеялде гугариялъул къецал






**7 маялда Хьаргаби росулъ бугеб КIикIуниса росулъа КIудияв ГIусманил цIаралда бугеб кIалгIаялда тIобитIана районалъул эркенаб гугариялъул къецал Россиялъул бахIарчи М.Исбакиев ракIалде щвеялде гIуцIараб. Эркенаб гугари районалда кидаго букIана хасаб халкъалъе бокьулеб. Эркенаб гугариялъул къецал тIоритIана гIисинал спортсменазда гьоркьор.**

Тадбиралъе байбихьи лъуна районалъул бетIер М.ТIагьиров кIалъаялдасан. Гьединго гьениб культураялъул хIалтIухъабаз бихьизе гьабуна гьитIинабго церерахъин.

Гьеб спорт бокьулеб букIин бихьулеб букIана чанго районалдаса эркенаб гугариялъул къецазде гIахьаллъизе спортсменал рачIиналдасан: Хьаргабиса, Хунзахъа,Гъуниса, ЧIарадаса, Лавашаса, Унсоколоса, Кумухалдаса.

Гьеб къоялъ цере рахъине рукIана 2012-2013, 2014-2015 гьарурал лъимал-спортсменаз. Цере рахъарал спортсменаз бихьизабуна махщел камилаб гугари.

КIварас-кIвараб малъулеб хъуй гьениб къецал лъугIизегIан сасунеб букIинчIо.

**Турниралъул ахиралда хIасилал гьадинал ккана:**

**28 кг**
1. МухIамадов МухIамад (Лаваша)
2. СалихIов МахIач (Хунзахъ)
3. МухIамадов Шамиль (Хьаргаби)
3. АхIмадхIанов Ислам (Кумух)

**31 кг**
1. Наврузов Шамил (ЧIарада)
2. МухIамадов МахIамадгIали (ЧIарада)
3. МухIамадов МухIамад (Лаваша)
3. Мирзаев Мирза (Унсоколо)

**33 кг**
1. МухIамадов МухIамад (Хьаргаби)
2. ГIумаров МухIамад (Хьаргаби)
3. ГIисаев ХIамзат (Хунзахъ)
3. МухIамадов Ибрагьим (Хьаргаби)

**36 кг**
1. ГIумаров ГIумар (Хьаргаби)
2. ХIажиев Билал (Гъуниб)
3. МухIамадов СагIит (Хьаргаби)

**37 кг**
1. Мусаев Нурудин (ЧIарада)
2. Шапиев ГIалибег (Хьаргаби)
3. Султанбегов ГIабдулгIазиз (Хунзахъ)
3. МухIамадов МухIамадрасул (Лаваша)

**39 кг**
1. Идрисов ГIумар (Хьаргаби)
2 ДжахIбаров Амир (ЧIарада)
3. СагIидов ГIали (Унсоколо)
3. ДжахIбаров МухIамад (ЧIарада)

**42 кг**
1. ГIисаев МухIамадясин (Хунзахъ)
2. Багьавудинов МухIаммад (ЧIарада)
3. МухIамадов АхIмад (Лаваша)
3. ГIазизов Шамил (Хьаргаби)

**45 кг**
1. МухIамадов Амир (Хьаргаби)
2. МухIамадов Сулейман (Хьаргаби)
3. СултIанбегов ХIажимурад (Хунзахъ)
3. Амирханов Амирхан (Хунзахъ)

**55 кг**
1. Шарабудинов Шарабудин (Хьаргаби)
2. МухIамадов Асадула (Хьаргаби)
3. ГIисакъов МухIамадхIажи (Хьаргаби)
3. ГIажиев АсхIаб (Хьаргаби)

**59 кг**
1. МахIмудов ГIабдула (Гъуниб)
2. Идрисов ГIисамуса (Хьаргаби)
3. МухIамадказиев АхIмад (Хьаргаби)
3. МухIамадов Ислам (Хьаргаби)

**68 кг**
1. ГIумаров Амир (Гъуниб)
2. Рамазанов ХIамзат (Хьаргаби)
3. КъурамухIамадов СагIит (Хунзахъ)












# РацІцІалъи иманалъул бащалъи

**Араб анкьида районалда тІобитІана гІорол мухъ бацІцІад гьабизелъун учреждениязул, росабазул администрациязул ва цоги гІахьаллъи гьабизе бокьаралги гІахьаллъараб субботник.**

Нилъер умумуз цІакъ кІвар кьолаан лъел мухъал ва лъадал бацІцІалъи цІуниялде, гьезул аманат букІана нилъееги гьелде кІвар кьезе.

Баркала буго гьеб пайдаяб, кири кІудияб хІалтІулъ гІахьаллъарал киназего.





# ЕГЭ ва ОГЭялъул тІобитІиялъул тартиб

**Гьале исанаги нахъа толеб буго иргадулаб цІалул сон. Киса – кирего школабазда хІадурлъулел руго ахирисеб цІумур кьабиялъул байрамалде.**

Ахиралде цІалул сон щолеб мехалъ 9 классалда ругез ОГЭ, 11 класс лъугІун унез ЕГЭ кьезе ккола.

Исана нилъер районалда ОГЭ кьезе буго 260 цІалдохъанас, ЕГЭ кьезе буго 51 цІалдохъанас. Исанаги ЕГЭ ва ОГЭялъул хІалбихьиял цебегІадин КІикІуниб школалда тІоритІизе руго.

ГъоркьеХун бахъулеб буго 2026 соналъ ЕГЭ ва ОГЭ тІобитІиялъул тартиб

**Основной период ЕГЭ :**
**1 июня** –история, литература, химия
**4 июня** – русский язык
**8 июня** – математика (базовый и профильный уровень)
**11 июня** – обществознание, физика
**15 июня** – биология, география, иностранные языки
**18 июня** – иностранные языки, информатика
**19 июня** – иностранные языки, информатика
**22 июня** – резерв: физика, информатика, литература, русский язык, химия, иностранные языки
**23 июня** – резерв: математика Б.П., обществознание, история, биология, география, иностранные языки.

**Основной период ОГЭ :**
**2 июня** – математика
**5 июня** – по всем учебным предметам (за исключением русского языка и математики)
**6 июня** – иностранные языки, информатика
**9 июня** – русский язык
**16 июня** - по всем учебным предметам (за исключением русского языка и математики)
**19 июня** – по всем учебным предметам (за исключением русского языка и математики)
**29 июня** – резерв: математика
**2 июля** – резерв: русский язык
**3 июля** – резерв: по всем учебным предметам (за исключением русского языка и математики)
**6 июля** – резерв: по всем учебным предметам (за исключением русского языка и математики).

# Сохраните жизнь детям !

**На территории Гергебильского района регулярно проводятся мероприятия, посвященные профилактике детского дорожно-транспортного травматизма. Целью данного мероприятия является снижение уровня травматизма среди несовершеннолетних участников дорожного движения. Отделением Госавтоинспекции по Гергебильскому району, совместно с Управлением образования, Инспекцией по делам несовершеннолетних, родительскими комитетами, общественными и религиозными организациями проводится масштабная работа по предотвращению детского дорожно-транспортного травматизма.**

За четыре месяца 2026 года на территории Гергебильского района зарегистрировано ДТП - 13, погибло - 0, ранены с различными телесными повреждениями - 4 человека.

**Проведенный анализ ДТП за отчетный период показывает, что основными причинами совершения ДТП являются:**

- не соблюдения бакового интервала;
- выезд на полосу встречного движения
- несоответствие скорости конкретным условиям движения.

В связи с этим, жителям и гостям Гергебильского района ОГИБДД ОМВД России по Гергебильскому району настоятельно рекомендует соблюдать правила дорожного движения и перевозки детей, на своем примере показать ребенку, как правильно переходить дорогу, объяснить необходимость использования светоотражающих элементов в одежде, принимать непосредственное участие в разработке маршрута «дом-школа- дом» для безопасного передвижения ребенка.

Эти несложные действия помогут сохранить жизнь и здоровье Вашего ребенка. Будьте внимательны на дорогах!

**Начальник ОГИБДД ОМВД России по Гергебильскому району ст. лейтенант полиции ИДРИСОВ Д. И.**

# СПРАВКА

## о проделанной работе ОМВД России по Гергебильскому району в рамках операции «Анаконда» и «Сообщи где торгуют смертью» по незаконному обороту наркотических средств и психотропных веществ

**Незаконный оборот наркотических средств и психотропных веществ, по прежнему остается одним из главных факторов на территории Гергебильского района.**

В ходе проведения ОРМ в рамках операции «Сообщи где торгуют смертью» и «Анаконда» в с.Гергебиль Гергебильского района было зарегистрировано 5 фактов незаконного оборота наркотических средств и психотропных веществ, а также обнаружении и изъятии кустов культивированной конопли.

**24.04.2026г. в 08:40** в ходе проведения ОРМ в рамках операции «Сообщи где торгуют смертью» в домовладении жителя с. Гергебиль Гергебильского района, обнаружено и изъято наркотическое средство «марихуана» весом 43,81 гр., возбуждено уголовное дело.

**28.04.2026г.** в ходе проведения ОРМ в рамках операции «Сообщи где торгуют смертью» в домовладении жителя с. Гергебиль Гергебильского района, обнаружено и изъято 22 кустов культивированной конопли, собран материал.

**28.04.2026г. в 09:30** в ходе проведения ОРМ в рамках операции «Сообщи где торгуют смертью» в домовладении жителя с. Гергебиль Гергебильского района, обнаружено и изъято наркотическое средство «марихуана» весом 17,07 гр, собран материал.

**01.05.2026г.** в ходе проведения ОРМ в рамках операции «Анаконда» установлено, 30.04.2026г. в с.Гергебиль Гергебильского района. Гражданин проживающий в с. Гергебиль сбыл 1 таблетку сильнодействующего лекарственного препарата «трамал», весом 0,32 гр. своему односельчанину, собран материал.

**Так же 03.05.2026г.** в ходе проведения ОРМ установлено, что житель с. Гергебиль Гергебильского района работающий врачом ГБУ РД «Гергебильская ЦРБ» 29.04.202 6г. сбыл 10 таблеток сильнодействующего лекарственного препарата «трамал» весом 3 гр жителю с. Гергебиль Гергебильского района, собран материал.

**ОМВД России по Гергебильскому району информирует, если вы владеете какой-либо информацией просим вас позвонить в дежурную часть ОМВД России по Гергебильскому району, тел; 98-49-08,** (анонимность гарантируется).

# ГРЕППЛИНГАЛЪУЛ ТУРНИР








**Хьаргаби ДЮСШялъул грепплингалъул секциялъул спорсменал гьал къоязда гIахьаллъана МахIачхъала шагьаралда тIобитIараб «GRAPPLING STARS»- абураб грепплингалъул республикаялъул турниралда.**

Гьел къецал тIоритIулеб спорталъул кIалгIаялде жанире щваралго бихьулеб букIана гьел къецал тIоритIулез турниралде кIвар кьун букIин, щибаб цIайиялда цере рахъине рукIана 10-15 спортсменал. Щибав спорсмен вахъана цеве 3-4 схватка гьабизе.

Къецазул данчIваял кигIан захIматал рукIананиги спортсменаз бергьенлъаби росана. ДандчIваязул хIасилал ккана: 6 меседил медал, 5 – гIарцул, 2- мазгарул медалги.

**ТУРНИРАЛЪУЛ ЧЕМПИОНАЛ:**

**МухIамадов ГIабдулла, МухIамадрасулов МухIаммад, КъурахIмаев Шамиль, Абакаров ХIамзат, МухIамадшарипов МухIамадшарип** ва **МухIамадов ХIамзат.**

**ГIАРЦУЛ МЕДАЛАЛЪУЛ ПРИЗЕРАЛ:**

**Хуршилов Микаил, МухIамадов МухIаммад, Исрапилов ХIамзат, ХIасанов МухIаммад, Къурбанов ХIусенхIажи.**

**МАЗГАРУЛ МЕДАЛАЛЪУЛ ПРИЗЕРАЛ:**

**Загидов Абубакар, КъурахIмаев МухIаммадшариф.**

Бергьаразе кьуна медалал, грамотаби ва футболкаби , гьел щварал шапакъатаздаса рази хутIана.

Баркула гIисинал спортсменазда росарал бергьенлъаби. Къуват ва сахлъи кьеги нилъер спортсменазе жеги тIадегIанал бергьенлъабазул хIасилал росун нилъ рохизе гьаризе.

## Объявление

**Уважаемые жители Гергебильского района, ОМВД России по Гергебильскому району приглашает на службу.**

На данный момент имеется 24 вакантных мест, младшего и среднего начальствующего состава, из них:

**Помощник оперативного дежурного** - 1 вакансия;
**Полицейский ППСП** – 9 вакансий;
**Инспектор ОАН** - 1 вакансия;
**Полицейский ОМБ и АТЗ** - 4 вакансии;
**Старший инспектор ПДН** - 1 вакансия;
**УУП** - 5 вакансий;
**Инструктор ПСФП** - 1 вакансия;
**ГУР** - 1 вакансия;
**Ст. ГУР** - 1 вакансия.

На службу в ОВД вправе поступать граждане РФ достигшие 18 лет;
Предельный возраст поступления на службу 50 лет;
Полное среднее образование;
Отсутствие судимости;
Отсутствие противопоказаний по состоянию здоровья;
Наличие военного билета.

Сотрудникам ОВД предусматриваются следующие льготы: ежегодный оплачиваемый отпуск, возможность получения бесплатного высшего образования (в том числе второго высшего образования) в учебных заведениях МВД России, оплачиваемый учебный отпуск, льготные путевки на санаторно – курортное лечение системы МВД России. Обязательное государственное страхование, возможность постановки на очередность и получения единовременной социальной выплаты для приобретения или строительства жилого помещения, после 10 лет службы в ОВД.

**Граждане, изъявившие желание поступить на службу в ОВД**, могут обратиться с заявлением в период времени с 9:00 до 18:00 по адресу: **Гергебильский район, с.Гергебиль, ул.Наиба Идриса 5.**

**Тел. для связи:**
ОМВД России по Гергебильскому району:
**99-48-26**

**Отдел кадров:**
**8988-290-83-00**


**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIараздаа гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*


**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**


**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
14 мая 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00